



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUYÒKÈ YO KAPAB RESEVWA NOUVO DÒZ RAPÈ VAKSEN COVID-19 LA KOUNYE A KI FÈT POU RANFÒSE DEFANS KONT SOUVARYANT OMIKWON YO

Dòz rapèl COVID-19 ki ajou pou moun ki gen 12 ane ak plis ki gen de mwa pase depi yo te pran dòz rapèl anvan yo oswa finisman seri orijinal yo

Li fakiltatif pou mete mask kounye a kote li te obligatwa anvan nan anviwònman ki enkli transpò piblik, machin lokasyon yo, ayewopò yo, abri pou sanzabri yo, etablisman koreksyonèl yo, ak sant detansyon yo

Pou jwenn lokal ki tou pre yo ki ofri dòz rapèl COVID-19 ki ajou yo, Nouyòkè yo ka voye kòd postal pa mesaj tèks nan 438829, rele 1-800-232-0233, oswa vizite [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite dòz rapèl vaksen bivalan kont COVID-19 la, ki fèt pou ajoute varyant Omikwon BA.4 ak BA.5 epi ranfòse pwoteksyon vaksen anvan an. Anons sa a swiv rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou yo itilize dòz rapèl COVID-19 yo ki ajou ki soti nan Pfizer-BioNTech pou nenpòt moun ki gen 12 ane oswa plis ak nan Moderna pou moun ki gen 18 ane oswa plis. Gouvènè Hochul te fè anons la yon ti tan anvan li te resevwa piki dòz rapèl li a nan Sant Sante Boriken Neighborhood nan East Harlem jodi a. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl COVID-19 ki ajou, Nouyòkè yo ta dwe kontakte founisè swen sante regilye pa yo, famasi lokal yo, oswa depatman sante lokal yo. Nouyòkè yo kapab vizite tou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn sit ki toupre yo.

"Pandan n ap kontinye fè fas ak efè pandemi sa a sou tout lavi nou, nou bezwen asire n ap itilize tout zouti ki disponib pou nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan pandemi an, Nouyòkè yo te entelijan, youn veye sou lòt, e yo te pran mezi pou pwoteje tèt yo ak vwazen yo. Pran vaksen yo ak dòz rapèl yo rete pi bon posiblite pou nou pwoteje tèt nou ak lòt Nouyòkè yo, epi mwen ankouraje tout moun ki elijib pou yo enskri epi pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 ki ajou a."

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse kounye ke mete mask pral fakiltatif nan plizyè anviwònman kote yo te obligatwa anvan, tankou nan transpò piblik, nan machin lokasyon, nan ayewopò, abri pou sanzabri, enstalasyon koreksyonèl, ak sant detansyon

yo. Yo pral kontinye egzije mask yo nan etablisman swen pou granmoun ak etablisman swen sante ki reglemante pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a, ak nan anviwònman klinik ki reglemante pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo pou Sèvis ak Sipò Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD).

Founisè yo nan New York yo te kapab pre-kòmande nouvo dòz rapèl sa yo jiska 30 out, ak livrezon dòz pre-kòmande yo ki te kòmanse fen semèn pase a epi yo deja rive nan kèk kote. Pou elijib pou resevwa dòz rapèl bivalan kont COVID-19 ki ajou a, moun yo dwe fin ranpli seri vaksen orijinal yo oswa yo dwe resevwa yon dòz rapèl omwen de mwa anvan.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Nouvo kowonaviris la chanje avèk tan, ak anpil nouvo varyant, ki gen ladan Omikwon. Booster bivalan sa yo pou premye fwa yo adapte pou yon varyant k ap sikile. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki elijib pou yo pwofite avansman sa a epi kontakte founisè sante pa yo, vizite famasi lokal la, oswa rele depatman sante konte yo pou jwenn dòz rapèl sa a pi vit jan sa posib."

Nan jou k ap vini yo, Depatman Sante eta a pral bay konsèy klinik ajou sou administrasyon dòz rapèl bivalan pou tout founisè ki enskri nan pwogram vaksinasyon Eta New York la. Founisè ki te pre-kòmande epi ki te resevwa dòz rapèl bivalan kont COVID-19 yo kounye a otorize pou yo kòmanse administre yo an akò ak otorizasyon pou itilizasyon ijans Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Federal la pou dòz rapèl sa yo ak rekòmandasyon CDC ki ajou yo.

Founisè yo ta dwe sonje tou ke vaksen monovalan mRNA kont COVID-19 yo pa otorize ankò pou itilize kòm dòz rapèl pou moun ki gen laj 12 ane oswa plis, dapre konsèy federal ki ajou a. Randevou ki pwograme pou administre dòz rapèl monovalan Pfizer-BioNTech oswa Moderna pou moun ki gen 12 ane oswa plis yo dwe repwograme pou lò lokal yo gen vaksen bivalan kont COVID-19 ki disponib.

Nan semèn kap vini yo, CDC a te endike tou ke li espere rekòmande pou mete ajou dòz rapèl COVID-19 pou gwoup pedyatrik ki pi piti yo tou. Jiska lè sa a, vaksen monovalan mRNA Pfizer kont COVID-19 la rete otorize pou itilize kòm dòz rapèl pou timoun ki gen laj 5 jiska 11 ane ak pou tout vaksen seri prensipal yo.

Depatman Sante a kontinye pataje rekòmandasyon CDC yo ke tout adilt, adolesan ak timoun senk an ak sa ki pi gran ki kalifye pou vaksinen konplètman epi resevwa yon dòz siplemantè COVID-19 inisyal lè yo kalifye.

###